



Fèy Enfòmasyon

Enfòmasyon pou aplikan: Verifikasyon sou kondisyon imigrasyon ak Kouman pou fè koreksyon nan dosye w ki nan USCIS

Gen plizyè ajans federal, leta ak lokal ki verifye kondisyon imigrasyon moun k ap aplike pou benefis, pou asire yo ke se sèl etranje kalifye oswa sitwayen natiralize ak sitwayen ki resevwa sitwayènte atravè lyen familyal ki resevwa benefis. Ajans sa yo verifye kondisyon imigrasyon atravè Pwogram Verifikasyon Sistematik sou Dwa Etranje (SAVE) nan Depatman Sekirite Nasyonal Lèzetazini ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Lèzetazini (USCIS).

Ajans k ap akòde benefis la soumèt enfòmasyon w nan Pwogram SAVE la pou verifikasyon. Etandone Pwogram SAVE la pa kapab konfime kondisyon imigrasyon w apre li fin konplete pwosesis ki mande pou ajans lan bay USCIS yon kopi dokiman imigrasyon w lan, se pou yo ba w yon opòtinite pou w fè koreksyon nan dosye w yo nan USCIS e pou re-aplike pou benefis ak/oswa ale ann apèl poutèt yo refize ba w benefis. Tanpri, note byen ke gen anpil rezon ki fè Pwogram SAVE la ka pa anmezi pou l verifye kondisyon imigrasyon w lan. Se pa poutèt Pwogram SAVE la pa kapab verifye kondisyon imigrasyon w lan ki vle di nesèsman ke ou pa gen otorizasyon pou w rete Ozetazini oswa ke ou pa elijib pou resevwa benefis ou aplike pou li a.

Si w panse Pwogram SAVE la pat bay ajans k ap akòde benefis la bon enfòmasyon sou kondisyon aktyèl imigrasyon w lan e/oswa ou bezwen fè koreksyon nan dosye imigrasyon w lan, tanpri kontakte USCIS pa youn nan metòd suivan yo:

1. Pran yon randevou pou yon entèvyou fas-a-fas nan yon biwo lokal USCIS. Ou ka pran yon randevou nan yon biwo lokal USCIS sou sit entènèt InfoPass la, nan <http://infopass.uscis.gov>, oswa lè w rele Sant Nasyonal Sèvis Kliyan an (National Customer Service Center) nan **1-800-375-5283**. Lè w pran yon randevou se fason ki pi rapid pou korije dosye w yo. Nou rekòmande pou w pote nan randevou w la Fèy Enfòmasyon sa a, dokiman ki montre kondisyon imigrasyon w, ak nenpòt lòt enfòmasyon ajans k ap akòde benefis la ba ou konsènan rezon ki fè kondisyon imigrasyon w lan pa fè w elijib pou resevwa benefis.

2. Soumèt yon demann alekri. Si w konnen ki enfòmasyon ki bezwen koreksyon nan dosye w la, ou ka soumèt yon demann pou korije dosye w yo bay Biwo Lwa sou Libète Enfòmasyon/Lwa sou Enfòmasyon Prive [Freedom of Information Act/Privacy Act (FOIA/PA)] nan adrès suivan an:

Privacy Act Amendment
U.S. Citizenship and Immigration Services
National Records Center
FOIA/PA Office
P.O. Box 648010
Lee's Summit, MO 64064-8010

Nou rekòmande pou w enkli enfòmasyon suivan yo, si yo disponib, lè w ap soumèt dokiman w yo:

- Endike ke yo te refize ba w benefis
- Enfòmasyon ki pa kòrèk la
- Chanjman (yo) w ap pwopoze pou yo fè nan dosye a
- Dat ou fèt ak kote ou fèt
- Adrès pou yo voye korespondans ba ou
- Kopi dokiman imigrasyon/natiralizasyon w yo
- Rezon ki fè li pa kòrèk
- Nimewo Dosye Etranje (A-File) ak/oswa non konplè a
- Siyati notarye aplikan an
- Lòt enfòmasyon ki ka ede lokalize dosye a

Si w pa konnen ki enfòmasyon ki bezwen koreksyon, ou ka soumèt yon demann alekri pou yo ba w dosye w yo, lè w soumèt Fòmilè G-639 *FOIA/PA Request (Demann FOIA/PA)*. Fòmilè sa a disponib nan biwo USCIS ki bò lakay ou a oswa sou entènèt la nan <http://www.uscis.gov/files/form/g-639.pdf>. Ou dwe itilize adrès ki make anlè a, men se pou make enfòmasyon sa a: “ *Privacy Act Request*” sou anvlòp la *olye pou make “Privacy Act Amendment.”*